O`ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA`M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

A`JİNİYAZ ATINDAG`I NO`KİS MEMLEKETLİK PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI

**Tariyx-geografiya fakulteti**

Geografiya oqıtıw metodikası kafedrası

5110500 - Geografiya oqıtıw metodikası bakalavr ta`lim bag`darının` 4-a kurs talabası Abdambetova Gulzadanın`

# PİTKERİW QA`NİGELİK JUMISI

**Tema: Taxtako`pir rayonın`ın` ta`biyiy-ekonomikalıq resurslarına geografiyalıq sıpatlama ha`m onı geografiyanı okıtıwda paydalanıw jolları**

| | |
|---|---|
| Talaba: | Abdambetova G |
| İlimiy basshı: | u`lken oqıtıwshı. M. Radjapov |
| Kafedra baslıg`ı: | p.i.k., dots. R. Gaypova |

**Kafedra ma`jilisinin` 2018-jıl -may sa`nesindegi**
**№ protokolı menen qorg`awg`a ruxsat berildi**

NO`KİS - 2018

MAZMUNI

**KIRISIW**………………………………………………..……………...3

**I. BAP. TAXTAKO`PIR RAYONIN`IN` TA`BIYIY SHARAYATI HA`M ONIN` AWIL XOJALIG`INA TA`SIRI**

1.1. Taxtako`pir rayonının’ geografiyaliq jaylasqan o’rni, ta’biyiy sharayati xa`m onın` awıl xojalıg`ına ta`siri……………………..………………………5

1.2. Taxtako`pir rayonının` xalqı xa`m miynet resursları…………………...16

**II. BAP. TAXTAKO`PIR RAYONIN`IN` JER-SUW RESURSLARINA EKONOMIKALIQ-GEOGRAFIYALIQ SIPATLAMA HA`M ONNAN AWIL XOJALAG`INDA PAYDALANIWDIN` HA`ZIRGI DA`REJESI**

2.1. Taxtako`pir rayonının’ jer resursları………..…………………………22

2.2. Suw resursları xa`m irrigatsiya shaxapları…………………………...24

2.3. Taxtako`pir rayonın`ın` ekologiyalıq ha`m ekonomikalıq mashqalaları..29

2.4. Geografiyanı oqıtıwda jergilikli materiallardan paydalanıw usılları……35

Glossariy……………………………………………………………..42

JUWMAQLAW…………………………………………………..43

PAYDALANG`AN A`DEBIYATLAR...…………………………..…….45

## Kirisiw

**Pitkeriw qa’negelik jumisinin’ aktuallig’i.** Bazar qatnasıqlarının` xa`zirgi basqıshında Qaraqalpaqstan respublikasının` ondiriwshi ku`shlerin intensiv bag`darda rawajlandırıw paydalanılmay atırg`an rezervlerdi ken`nen awıl xojalıg`ı aynalısına qosıwg`a tikkeley baylanıslı. Usıg`an sa`ykes respublika ko`leminde a`sirese mol jer resurslarına iye Arqa rayonlardın` xa`zirgi aymag`ında suwg`armalı diyxanshılıqtı rawajlandırıw maqsetinde paydalanılmay atırg`an jan`a jerlerdi awıl xojalıg`ına ozlestiriw u`lken ko`lemdegi sotsiallıq ekonomikalıq mashqalalardı sheshiwge jol ashatu`g`ını sozsiz.

**Pitkeriw qa’negelik jumisinin’ maqseti.** Qaraqalpaqstan respublikası ko`leminde usınday u`lken mu`mkinshiliklerge iye aymaqlardın` qatarına Taxtako`pir rayonı esaplanadı. Rayon Qaraqalpaqstannın` 12,8% territoriyasın xa`m barlıq respublika xalqının` 2,8% ozinde ja`mlewine qaramastan Qaraqalpaqstanda awıl xojalıg`ında paydalanılıp atırg`an jerlerdin` 16023 mın` gektarının` xa`m suwg`arıp egiletu`g`ın egislik jerlerdin` 6,757 mın` gektardan aslamın` ozinde ja`mleydi xa`m jıl sayın respublikada ondiriletu`g`ın tovarlıq ga`llenin` usınnan salı onimlerinin` 15-20%, al qoy-eshkilerdin` bas sanının` 20,8% Taxtako`pir rayonına tiyisli.

**Pitkeriw qa’negelik jumisinin’ teoriyaliq ha’m a’meliy ahmiyeti.** Rayon ko`lemindegi barlıq rezervler awıl xojalıq ondirisinde tolıq paydalanılıp atır degen juwmaq shıqpaydı, usıg`an saykes aldag`ı keleshekte Taxtako`pir rayonında paydalanılmay atırg`an barlıq rezervlerdi ondiriske engiziw arqalı xojalıq onimlerinin` ko`lemin kobeytiw maqsetinde suwdan paydalanıwdın` jan`a texnologiyasına otiw xa`m bir gektar egislik maydan

ushın suwg`arıw normasın engiziw maseleleri qarastırıldı. Bul xa`m tag`ı basqada ilajlar rayon aymag`ında jer suw resurslarınan ratsionallı paydalanıwg`a xa`m usı tiykarda awıl xojalıg`ı tarawların keskin ko`teriwge mu`mkinshilik duziwi tiyis.

**Pitkeriw qa’negelik jumisinin’ duzilisi ha’m ko’lemi.** Pitkeriw qaniygelik jumısım usı Taxtako`pir rayonının` jer suw resurslarına sıpatlama beriw ushın arnaldı. Jumıstı jazıwda rayon boyınsha statistikalıq mag`lıwmatlardan, alımlardın` miynetlerinen ken` turde paydalandım. Pitkeriw qaniygelik jumısım kirisiw, tiykarg’i bo’lim II bap, juwmaqlaw ha’m paydalanilg’an a’debiyatlar diziminen turadi.

## I. Bap. Taxtako`pir rayonının` ta`biyiy sharayatı xa`m onın` awıl xojalıg`ına ta`siri

### 1.1. Taxtako`pir rayonının' geografiyaliq jaylasqan o'rni, ta'biyiy sharayati xa`m onın` awıl xojalıg`ına ta`siri

Taxtako`pir rayonı Qaraqalpaqstan respublikasının` 15 xa`kimshilik aymaqlıq rayonının` birewi bo`lıp esaplanadı. Rayon orayı Taxtako`pir poselkası. Onın` Qaraqalpaqstan paytaxtı No`kis kalasınan uzaqlıg`ı 107 km. Paytaxt penen Taxtako`pir –Karao`zek-Shımbay-Xalqabad avto magistral jolı arqalı baylanısqan.

Jer maydanı 21,1 mın` $km^2$ xalqının` sanı 2018 jıldın` 1 yanvarındag`ı mag`lıwmat boyınsha 33,1 mın` adam. Rayon 8 awıl xa`m bir qala ko`rinisindegi posyolkadan ibarat.

Taxtako`pir rayonı en` da`slep 1928 jılı may ayında xa`zirgi Qarao`zek rayonlarının` aymag`ında du`zilgen, 1957 jılı saplastırılıp 1965 jılı 29 dekabr`de qaytadan sho`lkemlestirildi.

Rayonnın` qaytadan sho`lkemlestiriliwi burıng`ı awqamnın` Qaraqalpaqstanda salıgershilikti rawajlandırıw siyasatı menen tikkeley baylanıslı.

Taxtako`pir rayonı respublikamızdın` Moynaq, Qarao`zek, Ellikqala, Beruniy rayonları, Nawayı walayatı xa`m Qazaqstan respublikasının` Kızıl Orda walayatı menen shegaralas.

Rayon ekonomikalıq geografiyalıq jaqtan qolaysız orında jaylasqan.

Birinshiden, rayon tek g`ana Qaraqalpaqstannın` emes al O`zbekstannın` en arqada jaylasqan aymaqlarınan biri. Ayırım mag`lıwmatlarga qarag`anda

jer ju`zindegi paxtashılıqtın en arqa zonasında jaylasqan, kon`sılas rayonlar menen salıstırg`anda vegetatsiya da`wiri qısqalaw bo`lıp keledi.

Sonlıqtanda rayonnın` termikalıq resursları paxtadan joqarı zuraa`t toplaw ushın jetkiliksiz, al ma`kke, juweri, salı xa`m basqada da`nli eginlerdin` pisip jetilisiwi tolıq mu`mkinshilik beredi. Yanvar` ayının` ortasha temperaturası –$7^0$–$8^0$S tı, al iyul` ayının` ortasha temperaturası +$26^o$S tı, +$10^0$S tan joqarı temperaturaga iye kunler sanı 180–192 kundi quraydı, al na`tiyjeli temperatura jıyındısı 1900–$2000^0$ S tı qamtıydı.

Bul ko`rsetkishler Qaraqalpaqstannın` qubla rayonları menen salıstırg`anda a`dewir to`men. Mısalı, qublada jaylasqan Tortkul rayonında na`tiyjeli temperaturalar jıyındısı 2430–$3360^0$S tı qurap awıl xojalıg`ının` eginlerinin`, a`sirese ıssılıqtı ko`p talap etetu`g`ın paxtashılıqtan mol zura`a`t toplawg`a mu`mkinshilik beredi.

Ekinshiden, jıllıq jawın-shashınnın` mug`darı 89-100 mm artpaydı. Jawın-shashınnın` azlıg`ı xa`m jergilikli suw dereklerinin` jetkiliksizliginen ko`lemi xa`m jer resurslarınan awıl xojalıg`ında paydalanıw da`rejesi to`men. Rayonnın` birden bir suw arteriyası Doslıq kanalınan sag`a alıwshı Quwanısh-jarma kanalı esaplanadı. Song`ı jılları suw resurslarının` og`ada az bolıwına baylanıslı awıl xojalıg`ında paydalanatu`g`ın egislik jerlerdin` du`zilisindede Taxtako`pir rayonının` ekonomikasına ta`sir eterliktey da`rejede ozgerisler jurgiziledi. Salının` egislik maydanı aytarlıqtay qısqardı, al onın` ornına suwdı az talap etetu`g`ın eginlerdin` egislik maydanı ken`eytildi. Suwdın` jetispewshiligi sebepli ayrım jılları salı egilmedi. Bul waqıtsha qubılıs, a`lbette.

U`shinshiden, Taxtako`pir rayonının` jer zapasının` 99,2% ti qumlı sho`llerde jaylasqanlıg`ı sebepli onı xojalıg`ında paydalanıw da`rejesi to`men. Topıraq penen qaplang`an jerlerinde shirindi mug`darının` u`lgisi og`ada az. Elimizde ju`z berip atırg`an ekonomikalıq dag`darıs sebepli burınnan paydalanılıp kiyatırg`an madeniy topıraqtı qorg`aw isleride to`men da`rejede. Organikalıq xa`m mineral to`ginlerdin` jetpewi na`tiyjesinde topıraq arıqlap, shirindi mug`darı xa`m basqada kerekli elementler azayıp ketken.

Sonın` menen birge onimdar topıraqtı qum basıw xa`wij almaqta, mısalı xa`zirgi Turkmen qırılg`an tas qudıq qumlı massivlerinde burın egislikke paydalanılg`an, al xa`zir qarawsız qalg`an jerlerdi u`shıratıw mu`mkin.

Tortinshiden, Aral ten`izi ka`ddinin` to`menlep ketiwi sebepli ju`zege kelgen, unamsız ekologiyalıq, sotsiallıq, ekonomikalıq jag`daydan en` ko`p ja`bir kormekte. Bugingi kunde Aral mashqalası og`ada keskinlesti. Bunnan yarım a`sir burın Aral ten`izi Taxtako`pir rayonının` aymag`ına ozinin` unamlı ta`sirin tiygizip turar edi.

Rayon aymag`ında ko`plegen ken` maydandı iyelep atırg`an ko`ller joq bo`lıp ketti. Mısalı, Maqpal kol, Sarı kol, Ata kol joq bo`lıp ketiw aldın`da tur.

Bul ko`llerden jergilikli xalıq og`ada ko`p balıq uslaytu`g`ın edi.

Besinshiden, Taxtako`pir rayonı respublika paytaxtı No`kisten juda` uzaqta, bir shette jaylasqan. Temir jol liniyalar joq. Qon`sılas rayonlardın` da ekonomikalıq ko`rsetkishleri jaqsı emes, xa`mmeside artta qalg`an agrar rayonlar.

Altınshıdan, ekonomikalıq geografiyalıq orınnın` qolaysız ta`replerinen biri qonsılas Qızıl-Orda xa`m Nauayı ua`layatları menen avtomobil` jollarının` baylanıspag`anlıg`ı. Sonın` menen birge Taxtako`pir rayonının` ekologiyalıq geografiyalıq ornının` qolaylı ta`repleride bar. Birinshiden, rayon ken` jer resurslarına iye. Onın` maydanı Evropanın` xa`m Aziyanın` ko`pshilik ellerinen u`lken. Qoyshılıq xa`m tu`yeshilikti rawajlandırıw ushın seksewilzarlıq penen qaplang`an qumlı sholistan u`lken a`xmiyetke iye.

Qızılqumnın` Taxtako`pir rayonına tiyisli bo`leginde ju`zden aslam artezian qudıqları islep tu`r xa`m bul sharwa malları ushın jaylawlardı na`tiyjeli paydalanıwda ko`p paydasın tiygizip atır. Ayrım ilimpazlar artizian qudıg`ının` qaptalında payda bolg`an kolshelerde balıqlardın` bir neshe turli orishitiw mu`mkin ekenligin da`liyllep bermekte.

Ekinshiden, quyash radiatsiyasının` joqarılıg`ı ozinin` u`lken na`tiyjesin bermekte, Taxtako`pir rayonı elimiz qırmanına xa`r jılı paxta, salı, biyday, ovosh-palız onimlerin jetistirip beriwde ozinin` aytarlıqtay salmaqlı ornına iye.

U`shinshiden, ta`biyiy landshafit ken` tarqalg`an aymaqlardan biri bo`lıp tabıladı. Qızılqumda adam az ta`sir etken jerler ko`p bo`lıp landshaft ta`biyiy halda saqlang`an.

Taxtako`pir rayonının` ekonomikalıq geografiyalıq ornı transport, baylanıs kommunikatsiyalarının` rawajlanıwı menen o`z qolaylıqlarına iye bolmaqta.

1992 jılı gaz qubırlarının`, keyinirek Tu`yemoyın-Shımbay-No`kis-Taxtako`pir suw qubırlarının` jetkiziliwi jergilikli xalıqtın` sotsiallıq

jag`dayların a`dewir jaqsıladı. Bul mu`mkinshilikler rayonnın` xa`r bir awılına tuwg`ızılg`an.

Biraq, suwdın` tamtarıs bolıwı Taxtako`pir rayonının` ekonomikasına og`ada u`lken zıyan berdi. Salı menen danqı shıqqan rayonda salı egilmedi. Ot jem eginlerinin` qısqı ma`wsim ushın jamg`arılmay qalıwı sharwashılıqqa u`lken zıyan berdi.

Na`tiyjede, Taxtako`pir rayonının` xalqının` sırtqa ko`ship ketiwi baslandı.

Qaraqalpaqstannın` en` arqa zonasında jaylasqan Taxtako`pir rayonının` ozinin` ekonomikalıq geografiyalıq ornının` qolaysız ta`replerine qaramastan ga`rezsiz O`bekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` g`amxorlıg`ı na`tiyjesinde xalıq xojalıg`ının` turli tarawlarında u`lken jetiskeliklerdi qolg`a kirgize beredi.

Taxtako`pir rayonı Qızılqum xa`m To`mengi A`miwdar`ya ta`biyiy geografiyalıq rayonlarının` aymag`ında, sho`l poyasında jaylasqan.

Rayon aymag`ı bir birinen parıq qılatu`g`ın ush rel`ef du`zilisinen ibarat. 1.Qızılqum sho`li. 2.Kuwanısh jarma alabı. 3.Beltaw to`beshigi.

Qızılqum sholistannın` en` arqa batıs bo`limi Taxtako`pir rayonına tiyisli bo`lıp ol qubla-shıg`ıstan arka-batıska qarap pa`seyip baradı xa`m batıs ta`repte Aral ten`izinin` kewip u`ltanında qa`liplesken jan`a Aral qum sho`li menen tutasıp ketedi, onın` ortasha absolyut biyikligi 80 metrge shekem pa`seyedi. Biraq Beltaw to`beshigine qaray joqarılaydı.

Qızılqumnın` qıs ma`wsimi Sibir` antitsiklonınan ju`zege kelgen xawa massasının` ta`sirinde boladı. Bul xawa massası arqa-shıg`ıstan esken qurg`aq ashıq xa`m suwıq xawa rayın ju`zege keltiredi. Yanvar` ayının`

ortasha temperaturası –4–6$^0$ S qa shekem to`menleydi. Ayrım jılları xawanın` minimal temperaturası –32$^0$ S qa shekem tu`sip ketedi, biraq bul xa`diyse song`ı 30 jılda ju`z bermedi.

Qızılqumnın` jazı og`ada ıssı xa`m qurg`aq. İyul` ayında xawanın` ortasha temperaturası +28+30 S$^0$ qa ten.

Qızılqum Qaraqalpaqstannın` xa`m O`zbekstannın` en` qurg`aq uchastkalarnınan biri bo`lıp jıllıq jawın-shashın mug`darı 75–100 mm a`tirapında.

Qar qaplamı juda` juqa bo`lıp, uzaq waqıt saqlanbag`anlıg`ı sebepli sharwa malları qısta da jaylawlarda bag`ıladı. Lekin, ayırım jılları noyabr`, dekabr`de jawg`an qar mart ayının` ortalarına shekem erimey sharwashılıqka u`lken zıyan beredi.

Kızılqumda klimattın` qurg`aqlıg`ı sebepli turaqlı suw derekleri joq. Biraq, jer astı suwları juda` ko`p, lekin insannın` ishiwi ushın jaramsız. Qalın` qum barxanaları astında shama menen 100 metr teren`likte dushshı jer astı suwları bar bo`lıp onın` minerallasıw da`rejesi 0,3-1,02% ge jetedi.

Qızılqumda su`r qon`ır topıraqlar xa`m rel`efi o`y jerlerinde taqırlar ken` tarqalg`an, shirindi mug`darı 0,4-0,5% ge shekem jetedi.

Kızılqumnın` o`simlik dun`yası jazdın` baslanıwı menen sarg`ayıp quwrap qaladı. Al, seksewiller jıl dawamında o`z o`mirin dawam etedi.

Kızılqumda qum tıshqanı, jumıranqazıq, tasbaqa, kirpitiken, jılanlar, eshkiemer, miy, qaraqurt, shayan, sut emiziwshilerden kiyik, qasqır, tulki, porsıq, shag`al, qoyanlar jasaydı.

Quslar ken` tarqalg`an xojasawdeger, jılqıshı, suwpıtorg`ay, u`yrek, g`az, qırg`awıl, tuwalaq, shımshıq, g`arg`a, xa`kke ko`p ushıraydı.

Aqshada`r`yanın` eski da`r`yası Taxtako`pir rayonının` aymag`ında jaylasqan bo`lıp, allyuvial jatqızıqlar menen qaplang`an.

Quwanısh-jarma alabı. Quwanısh-jarma kanalı 87 km uzınlıqka iye bo`lıp Doslıq kanalının` ekige boliniwinen payda bolg`an. Ol Taxtako`pir rayonının` aymag`ında suwg`arıwg`a sarplanıp joq bo`lıp ketedi. Biraq suw mol jılları Karateren`, Atako`l sıyaqlı ko`llerge quyadı. Quwanısh-jarma kanalının` suwının` esabınan song`ı sherek a`sir dawamında Qarateren` ko`linin maydanı 2 esege u`lkeydi.

Quwanısh-jarma alabı tortlemshi da`wir jatqızıqları menen qaplang`an. Quwanısh-jarma kanalı xa`m onnan sag`a alatu`g`ın jap salmalardın` eki boyı onimdar ma`deniy topıraq penen kaplanıp shirindi mug`darı 3% ke shekem jetedi. Bir neshe a`sirden beri bul alapta jergilikli xalıq diyxanshılıq penen shug`ıllanadı.

Quwanısh-jarma kanalının` eki boyında torang`ılzarlıq xa`m jigildikzarlıq ken` tarqalg`an. Bul tog`aylardın` arasında jabayı shoshqalardı, tulki, qasqır, shag`al, porsıq, qoyan, tıshqanlardı, qırg`awıl, xa`m quslardın` basqada turleri jiyi-jiyi ushırasıwı mu`mkin.

Quwanısh-jarma alabı xa`zirgi A`miwdar`ya del`tasının` bir bo`limi bo`lıp esaplanadı. Sonın` menen birge a`yyemgi Aqshada`r`ya del`tasıda usı jerde jaylasqan bo`lıp, antropogen allyuvial` jatqızıqlardan ibarat onın` ortasha qalınlıg`ı 20 m den kem emes.

Aral ten`izinin qurg`aqlıqka aylangan bo`leginde xa`zirgi zaman jatqızıqları toplang`an.

Quwanısh-jarma alabının` o`simlik dun`yası Kızılqum o`simliklerinen a`dewir parıq qıladı. Shortap topıraq ken` tarqalg`anlıgı sebepli jıng`ıl,

qarabaraq, asqabaq, balıqkoz, aqsar ken` tarqalg`an. Kishigirim maydandı iyeleytu`g`ın torang`ılzarlıq xa`m jigildikzarlıqtı ko`p ushıratıw mu`mkin. Biraq, song`ı sherek a`sirde bul tog`aylıqlardın` maydanı bir-neshe ese kishireydi. Olardın` ko`plep shabılıwı birinshiden jan`a egislik jerlerinin` ko`plep ashılıwı, a`sirese salıgershiliktin` rawajlandırılıwı menen tikkeley baylanıslı. Ekinshiden, jergilikli xalıq otın sıpatında akıbetin oylamastan tog`aylıqlardı ko`p paydalandı.

Klimatı. Kızılqum qum klimatı menen sa`ykes keledi, biraq ıg`allıq joqarılaw.

Beltaw. Beltaw to`beshigin jergilikli xalıq Borshitaw dep ataydı. Ol A`miwdar`ya xa`m eski Aqshadar`ya del`talarının` arasında Aral ten`izinen qubla bag`ıtta jaylasqan ustirtlik.

Beltawldı qurawshı u`shlemshi da`wir ten`iz sho`gindileri ustirtliktin` jer betine jaqın jaylasqan. Jer betinin` du`zilisi ustirtlik turinde bolg`an menen de onın` tegis rel`efin waqıtsha ag`atu`g`ın bir neshe saylar xa`m g`az qatar bo`lıp dizbeklesip jaylasqan uyinshik-uyinshik qumlar a`dewir buzıp ko`rsetedi. Xa`reket etiwshi qum dizbekleride xa`r jer, xa`r jerde ko`rinedi. Beltaw ustirtliginde xa`dden tısqarı tegis ayırım bo`lek maydanlardı da ushıratamız.

Olardın` beti tortinshi da`wirdegi unıraw qubılıs na`tiyjesinde payda bolg`an allyuvial` sho`gindiler menen jabılg`an. Biraq bul sho`gindiler shol klimatı sharayatında juda` qalın` qatlam payda etpegen. Sonlıqtanda Beltawdag`ı u`shinshi da`wir ten`iz sho`gindileri geypara jerlerinde jerdin betinde ushıraydı.

Beltaw ustirtliginin` ten`iz betinen biyikligi 120-145 metr arasında. Onın` en` biyik to`beleri qubla-batıs bo`liminde jaylasqan. Beltawdın` janbawırları barlıq ta`replerinde birdey emes, a`dewir tik janbawırları onın` qubla xa`m batıs ta`replerinde al arqa xa`m shıg`ıs janbawırları qıya jaylasqan.

Qardın` erigen suwları xa`m jawın-shashınlar waqıtta ag`atu`g`ın saylardı payda etip olar Beltawdın` eteklerine xa`r jılı ko`p mug`darda sazlı taw jınıslarına alıp keledi. Uzaq jıllar dawamındag`ı saylardın` jumısı na`tiyjesinde Beltawdın` eteklerinde 500 metrge jetetu`g`ın prollyuvial` sho`gindiler payda bolg`an.

Ba`xa`rde Beltawdın` ko`pshilik bo`legi tınıq jasıl ren`ge boyaladı. Lalaqızg`aldaqlar ozinin` gozzal ko`rinisi xa`m sulıwlıg`ı menen ajıralıp turadı. Biraq ıg`ıllılıqtın jetpewi na`tiyjesinen jaz ma`wsimi baslanıwdan-aq xa`mme o`t-sho`p quwrap ba`xa`rgi gozzallıq otmishine aylanadı.

Xa`zirgi waqıtları Beltawdın` ayırım bo`lekleri jergilikli diyxanlar ta`repinen ozlestirilgen. To`beshiktin` janbawırında jaylasqan Qarateren` ko`linen qudiretli nasoslar menen suw alıp to`beshiktin` tegis xa`m onimdar bo`lekleri diyxanshılıqta paydalanılmaqta.

Taxtako`pir rayonının` aymag`ı Turan oypatlıg`ının` ajıralmas bir bo`legi bo`lıp, onın` orta bo`leginde jaylasqan. A`yyemgi qurg`aqlıqtın payda bolıw da`wirinen baslap-aq jerdin` beti juwılıw protsessine ushırap a`ste awqırın jemirilip, unırap tegislene baslag`an. Xa`zirgi waqıtlarıda samal eroziyası sebepli tegisleniw dawam etpekte.

Taxtako`pir rayonının` aymag`ı geologiyalıq du`zilisi, onın` rawajlanıw tariyxı ayrım geologiyalıq da`wirlerdegi tek ozine g`ana ta`n bolg`an

geoximiyalıq o`zgerisler xa`r turli qazılma baylıqlardın` ju`zege keliwine mu`mkinshilik bergen.

G`a`rezsizliktin` keyingi jılları Taxtako`pir rayonının` batıs ta`replerinde neft` xa`m gaz ka`nleri tabıldı, bul ka`nler sanaatlıq a`xmiyetke iye bolıwı da mu`mkin.

Mineral duzlar Sarınıq ko`li, Maqpal ko`l, Atako`l xa`m basqada kewip qalg`an ko`llerdin` ultanında ken` tarqalg`an.

Beltawda xa`k tas, gips, por, gloukanitli qumlar, kaolin saz ılayları, mergel` xa`m qum taslardın` u`lken zapasları bar.

Paleogen xa`m por jatqızıqları arasında toplang`an artezian suwları xalıq xojalıg`ında u`lken a`xmiyetke iye bolmaqta.

Taxtako`pir rayonında xa`r qıylı shiyki zat qorlarının` ashılıwı bul rayondı sanaatlı bag`darda rawajlandırıwg`a ken` mu`mkinshilikler jaratıp beredi.

Klimat xa`m jer suw resursları awıl xojalıg`ın turli bag`darda rawajlandırıw ushın xızmet etedi. Taxtako`pir rayonında ta`biyiy ıg`allanıw kubılısı og`ada az, bul qoldan suwg`arıw arqalı awıl xojalıq eginlerinin` ıg`allıqqa degen kemisin tolıqtırıwı xa`m termikalıq resurslardın` a`dewir tolıq ratsionallı paydalanıwg`a imkaniyat beredi.

Sebebi, jıl boylıq jıllı ku`nlerdin` sanı, xawanın` temperaturası xa`m ıg`allıg`ı, na`tiyjeli temperatura jıyındısı, jawın-shashın mug`darı, samaldın` ku`shi, bag`ıtı xa`m basqada ko`plegen faktorlar ma`deniy o`simliklerdin` normal o`sip rawajlanıwı ushın, sonday-aq awıl xojalıq jumısların o`z waqtında xa`m sapalı ju`rgiziw ushın u`lken a`xmiyetke yie.

Taxtako`pir rayonında birden-bir suw deregi A`miwdar`yadan toyınıwshı Doslıq kanalının` bir salası bolg`an Quwanısh-jarma kanalı bo`lıp rayonnın` barlıq xalıq xojalıq kompleksinin` rawajlanıwı da`rejesin anıqlaydı.

Jer astı suwlarının` jaylasıwında da ozine ta`n geypara o`zgeshelikleri seziledi. Sonday-aq, rel`eftin` xa`dden tısqarı tegis ekenligi, jer betindegi sho`gindinin` mexanikalıq quramı xa`m jer usti suwlarının` jaylasıwı o`zgeshelikleri onı anıqlawshı jag`day bo`lıp esaplanadı. Xaqıyqatında da, aymaqtın shol klimatı sharayatında jıllıq jawın-shashın mug`darının` xa`dden tısqarı azlıg`ınan jer astı suwlarının` tolısıwı ushın ko`p mug`darda suw bere almaydı.

Rayonnın` A`miwdar`ya del`tasında jaylasqan jerlerinde jer astı suwlarının` ka`ddi 4,5-5 metr teren`likte jaylasqan.

Al, arqa-shıg`ısındag`ı diyxanshılıq ushın ele tolıq ozlestirilmey atırg`an Aqshadar`ya del`tasında jer astı suwlarının` ka`ddi 12-17 m teren`likte ushıraydı. Sonday-aq xa`zirgi waqıtqa shekem diyxanshılıq ushın ozlestirilmegen Taxtako`pir rayonındag`ı Turkmenqırılg`an qum massivinde de jer astı suwları a`dewir teren`de jaylasqan. (6-10m)

Rayonnın` diyxanshılıq maqsetinde paydalanbay atırg`an jerlerinde jer astı suwlarının` ka`ddi jıl dawamında birdey boladı. Al, diyxanshılıq penen ba`nt bolg`an maydanlarda jer astı suwlarının` ka`ddi jaz aylarında a`dewir ko`terilip, qısta olar pa`seyip ketedi.

Juwmaqlastırıp aytqanda Taxtako`pir rayonının` ta`biyatı xa`m ta`biyiy resursları xalıq xojalıg`ında paydalanıw ushın u`lken a`xmiyetke iye bo`lıp bul aymaqta azıq-awqat, qurılıs materialları xa`m ximiya sanaatı ushın rawajlanıw mu`mkinshiliklerin beredi.

Sonın` menen birge awıl xojalıg`ının` diyxanshılıq, sharwashılıq xa`m balıqshılıq tarawlarının` rawajlandırıw ushın ta`biyiy sharayatlarga iye. Biraq suwdın` keskin azayıp ketiw jılları salıgershilik, paxtashılıq, qarako`lshilik, balıqshılıq xa`m basqa da tarawlarda jetistiriletu`g`ın onimnin keskin to`menlep ketiwine alıp keldi.

Awıl xojalıg`ı tarawı rayonda xalıq xojalıg`ının` tiykarg`ı tarawı bolg`anlıqtan bul tarawda ju`z bergen dag`darıs barlıq tarawlarga ozinin` unamsız ta`sirin tiygizdi. A`sirese, song`ı jıllarda jergilikli xalıqtın qonsılas ma`mleketlerge xa`m paytaxtqa qarap ko`shiwi xojalıq tarmaqlarında ko`plegen mashqalalardı payda etpekte.

**1.2. Taxtako`pir rayonının` xalqı xa`m miynet resursları.**

Taxtako`pir rayonının` aymag`ı Qaraqalpaqstannın` basqa rayonlarında erteden xalıq qonıslag`an xa`m ma`deniyat rawajlangan u`lkeler qatarına kiredi.

Dun`ya tariyxında ornı girewli sak xa`m massagetlerdin` tiykarg`ı bo`legi Aqshadar`ya del`tasında jasag`anlıg`ı bizge tariyxtan belgili.

Tariyxta birinshiden bo`lıp ga`rezsizlik ushın guresken Tumaris xanım usı aymaqta omir su`rgen bolsa a`jep emes.

Al Jan`ada`r`ya alabında XIX a`sirdin` ortalarına shekem qaraqalpaqlardın` tiykarg`ı bo`legi jasag`an. Xalıqtın tiykarg`ı ka`sip ka`ri balıqshılıq, sharwashılıq xa`m diyxanshılıq bolg`an. Sırdar`ya suwının` azayıwı sebepli XIX a`sirdin` ekinshi yarımında Jan`adar`ya suwsızlanıp qaladı, xalıq A`miwdar`ya boylarına qaray ko`shedi.

Xalqının` sanı Taxtako`pir rayonının` xalqı putkil Qaraqalpaqstan xalqının` 3% ne shamalasın quraydı, al maydanı 14,5% ti quraydı. Xalıqtın

bir kvadrat kilometrge ortasha tıg`ızlıg`ı 1,9 adam, bul ko`rsetkish respublikamızda 9 adamnan joqarı.

2018 jıldın` 1 yanvarındagı mag`lıwmat boyınsha Taxtako`pir rayonının` xalqı 33,1 mın` adam. Usının` 16,8 mın`ı qala tipindegi Taxtako`pir posyolkasında, qalg`anı awıllarda jaylasadı.

Rayon xalqının` sanı xa`m onın` bir kv. m ge ortasha tıg`ızlıg`ı boyınsha respublikamızda en` song`ı orınlardın` birin iyeleydi.

| Jıllar | 1984 | 1996 | 1999 | 2002 | 2018 |
|---|---|---|---|---|---|
| Rayon xalqı | 34,3 mın` | 42,8 mın` | 45,6 mın` | 43,4 mın` | 33,1 mın` |

Rayonda xalıqtın ta`biyiy osimi og`ada to`men, bunı mınaday mısallar menen da`lillew mu`mkin.

Mısalı, rayon xalqı 1984 jılı 1 yanvar` 34,3 mın` adam bolg`an, yag`nıy 1996 jılı 42,8 mın` adam bolg`an, yag`nıy rayon xalqı 1984-1996 jıllarda 8 mın` adamga kobeygen, al 1996-2002 jıllardı salıstırıp korgenimizde 6 jılda 600 adamga kobeygen yag`nıy ta`biyiy osim 6-7 ese to`menlegen.

Biraq song`ı jıllarda rayon xalqı azayıp ketti, yag`niy 1999 jılgı 45,6 mın` adamnan 2018 jılı 33,1 mın` adamga tusip kaldı. Rayonda qaraqalpaqlardan basqa barlıq millet ua`killerinin` sanı keyingi jıllarda azayg`an.

Bunı to`mendegi tablitsadan analizlep boladı.

| | 1999 j.(mın` adam) | 2002 j. (mın` adam) |
|---|---|---|

| | | |
|---|---|---|
| Qaraqalpaqlar | 19,62 | 19,701 |
| Qazaqlar | 25,703 | 23,668 |
| Ozbekler | 0,134 | 0,102 |
| Basqa xalıqlar | 0,170 | - |

Qaraqalpaqlar song`ı jıllarda az mug`darda kobeygen, al qazaqlar azayg`an. Bunın` tiykarg`ı sebebi suwsızlıqka baylanıslı, rayon ekonomikasının` keskin to`menlewi bo`lıp esaplanadı.

Ekinshi jer ju`zlik urıstan keyingi jılları rayonda ondiris kushlerinin` xa`m xalıqka ma`deniy, meditsinalıq jaqtan xızmet ko`rsetiwdin jaqsılanıwına baylanıslı joqarı ta`biyiy osiwshilikke erisildi. Biraq sog`an qaramastan xa`zirgi waqıtları Taxtako`pir rayonı xalqının` sanı boyınsha Qaraqalpaqstanda to`mengi orinlardan birin iyeleydi.

Al song`ı jılları ta`biyiy osiminin` to`menlewine birinshiden, u`lkemizde ju`z bergen ekologiyalıq dag`darıs ta`sir jasasa ekinshiden dun`ya ju`zilik tsivilizatsiyaga ta`n Qaraqalpaqstan respublikasındada ondiristin tarawlıq du`zilisi ozgeriske ushıramaqta xa`m kvalifikatsiyalı miynetti ko`p talap etetu`g`ın tarawlar payda bolmaqta. Na`tiyjede quramalasqan miynettin` ta`sirinde xalıqtın` jumıs xarakteri o`zgeriske ushıramaqta xa`m ma`deniyattın` rawajlanıwına sa`ykes tuwıshılıq koeffitsentinde ozgerisler ju`zege keldi.

Xa`zirgi waqıtları Taxtako`pir rayonında xa`r mın` adamg`a ta`biyiy osiwshilik da`rejesi 16-17 adamdı quraydı.

Bul ko`rsetkish O`zbekstan xa`m Qaraqalpaqstan boyınsha 20 adamnan to`men emes.

Tuwıushılıqtın to`menlewi Aral ekologiyalıq apatshılıg`ı menen tikkeley baylanıslı, sebebi, bunnan  sherek a`sir burın xa`r mın` adamga ta`biyiy o`sim 26-27 adamdı qurag`an. Biraq Evropadag`ı ellerge salıstırg`anda joqarı ta`biyiy osim bar.

Putkil Qaraqalpaqstandag`ı sıyaqlı Taxtako`pir rayonıda da keyingi jıllarda ju`z bergen ta`biyiy osiwshilik koeffitsenti ba`rinende burın bir qansha siyasiy ekonomikalıq jag`daylarg`a baylanıslı, olar  to`mendegilerden ibarat:

1. Ko`p balalıqtın da`sturiyligi, retlestiriwdin` joqlıg`ı.
2. Rayonnın` sotsial-ekonomikalıq jag`daylarının` to`menligi.
3. Rayon sharayatında urbanizatsiya kubılısının` to`menligine baylanıslı awıl xalqının` joqarı salıstırmalı ulesti iyelewi.
4. Sanaattın` to`men rawajlang`anlıg`ı xa`m xayal qızlardın` ondiris tarawlarında az qatnasıwı.

Tuwıushılıq koeffitsentinin` joqarı bolıwına neke jasındag`ı xayallardın` aytarlıqtay ko`p bolıwı xa`m nekenin` turaqlılıg`ıda u`lken rol` atqarmaqta.

Xalıqtın jınıs xa`m jas quramı ja`ne olardı xa`r ta`repleme uyreniw demografiyadag`ı en` a`hmiyetli ma`seleler qatarına kiredi. Bul mashqalanı barınsha uyreniw xa`m xa`r ta`repleme sheshiw xalıq sanının` osiwin boljawda, jas xa`m jınıs quramın`a qaray xalıqtı tutınıw tovarları menen ta`miynlewde, a`sirese xalıq xojalıg`ı tarawlarında miynet resursların ratsional` paydalanıwg`a imkaniyat beredi.

Solay etip, jas ospirimlerdin` sanı joqarı bolsa, tuwıwshılıq koeffitsenti joqarı boladı.

Jakın waqıtlarga shekem Taxtako`pir rayonında xalıqtın jınıs quramında er adamnın` u`lesi sezilerli joqarı edi. Tap xa`zirgi waqıtları ten`lesken esabı. Biraq tu`pkirdegi awıllarda elege shekem er adamlardın` ulesi joqarı.

Taxtako`pir rayonında joqarı tuwılıwshılıq koeffitsentine baylanıslı xalıqtın` basım ko`pshiligi jas adamlar iyeleytu`g`ınlıg`ı ayqın korinedi.

Bul gezeginde aldag`ı keleshekte miynet resurslarının` sapalı ko`rsetkishlerin ko`rsetkishlerin belgilep beredi.

Taxtako`pir rayonındagı xalıqtın 48,5% qalada, yag`nıy Taxtako`pir poselkasında jasaydı. Qala xalqının` u`lesi xa`r jıl sayın osip barmaqta.

Taxtako`pir rayonında tiykarınan eki millettin` wa`killeri jasaydı. Qaraqalpaqlar 42%, qazaqlar 56,5%, xa`m basqa millet wa`killeri 1,5% ti quraydı.

Biraq song`ı jıllarda qazaq milletine tiyisli xalıqtın` No`kiske, Taxiyatashqa, Qon`ıratqa xa`m Qazaqstan Respublikasının` turli walayatlarına ko`ship ketiwi xa`wij aldı. Bul, a`lbette birinshi na`ubette suwsızlıq xa`m sharwashılıq tarawındag`ı mashqalalar menen baylanıslı. Sonday-aq Qazaqstan Respublikası olardın` burıng`ı watanı ga`rezsizlik sharapatı menen bul milletke tiyisli adamlardın` ozlerinin` milliy respublikasına xa`uesi artıp ko`ship atırg`an bolıwı da mu`mkin. Sonı aytıp ketiwimiz kerek, bul migratsiya ıqtıyarlı bo`lıp tuwısqan qaraqalpaq xa`m qazaq xalıqları ortasında xuqıqıy qatnasıqlardın` buzılıwınan kelip shıqqan emes.

Rayon xalqının` 87% i Quwanısh-jarma kanalı ta`sir etken zonalarda jasaydı, qalg`an 15% i awır jol sharayatında jasamaqta. Sonlıqtan da sho`lde xalıqtın` tıg`ızlıg`ı juda` to`men.

Keyingi jıllarda rayonda miynetke jaramlı jastag`ı adamlardın` du`zilisinde unamlı ozgerisler bayqalmaqta, yag`nıy sanı xa`r jıl sayın artpaqta. Bul xalıq xojalıg`ı tarawların jumıslar menen ta`miyinlewge bekkem tiykar bo`lıp esaplanadı.

Xalıq xojalıg`ı tarawlarında ba`nt bolg`an jumısshı xa`m xızmetkerlerdin` basım ko`pshiligi waqıtsha jumıssız bo`lıp tur. Suwsızlıq bul ekologiyalıq apatshılıq bo`lıp, waqıtsha na`rse, waqıttın otiwi menen miynet resursları oz orınların qayta janlandıradı.

Taxtako`pir rayonında xalıqka turmıs jag`ınan xızmet ko`rsetetu`g`ın tarawlar, kishi ka`rxanalar barg`an sayın ko`plegen miynet resursların ozine tartpaqta.

Rayon 23 mektep, 8 bala baqsha, 1 mektep internat, 2 kollej, 4 mektepten tıs mekemeler bo`lıp, olarda 1471 mug`allim xa`m tarbiyashılar, 11927 oqıwshı xa`m 870 ta`rbiyalanıwshılar bar.

Jan`adar`ya awılında shopan balaları ushın mektep internatı islep tur. Xa`r bir awıl orayında medpunktler, dukanlar, pochta- baylanıs tarawları awıl xalqına xızmet qılmaqta.

Taxtako`pir rayonında 2 kollej, tubdispanser, ko`p orınlı keselxana, avtovokzal, kinoteatr, diyxan bazarı xa`m basqada mekemeler bar.

Kala xalqının` turmısı abadan gaz, suw, elektr menen tolıq ta`miyin etilgen.

Taxtako`pir rayonının` xalqı ushın en` awır mashqalalardan biri jumıssızlıq. Qaraqalpaqstanda xalqının` sanı kobeyiwdin ornına azayıp baratırg`an eki rayon bar. Birinshisi-Moynaq, ekinshisi-Taxtako`pir rayonı. Bunın` aldın` alıw za`rur dep oylaymız.

## II. Bap. Taxtako`pir rayonının` jer-suw resurslarına ekonomikalıq-geografiyalıq sıpatlama xa`m onnan awıl xojalag`ında paydalanıwdın` xa`zirgi da`rejesi.

### 2.1. Taxtako`pir rayonınin' jer resursları.

Jer suw resursları Taxtako`pir rayonı Qaraqalpaqstannın` tupkirdegi agrar aymaqlarınan biri bo`lıp esaplanadı. Qon`ırat xa`m Moynaq rayonlarınan keyin u`shinshi orındı iyeleydi.

Rayonnın` tiykarg`ı xalıq xojalıg`ı tarmag`ı awıl xojalıg`ı bo`lıp esaplanadı. Ulıwma jeri 2 mln 300 mın` gektar bo`lıp, sonnan egislik jer 26,7 mın` gektar.

Song`ı jıllarda egislik maydanının` du`zilisi suwdın` tam-tarıslıg`ına baylanıslı ozgeriske ushırag`an. Taxtako`pir rayonı jer ju`zilik paxtashılıqtın en` arqasında jaylasıwına qaramastan xa`r gektarınan xa`r jılı 22-23 tsentnerden onim jetistirip, respublikanın` ortasha ko`rsetkishinen 2-3 tsentner joqarı onim alıp kelmekte.

Bul rayon 1980-1991 jılları respublikamızdag`ı birden-bir salıgershilikke qa`nigelestirilgen rayon bo`lıp, paxtashılıq penen shug`ıllanıw toqtag`an edi. Biraq O`zbekstan gerezsizlikke eriskennen keyingi jılları paxtashılıq qaytadan xalıq xojalıg`ının` jetekshi tarawlarının` birine aylanadı.

Suw jeterli bolg`an jıllardag`ı mag`lıwmatlardı analizlegimizde jetistirilgen salının` 20% ge, biydaydın` 13%ge, qarako`l qoylarının` bas sanının` 26,2% ge xa`m qarako`l qoy terilerinin` 30% ge derlik tuwra keledi.

Rayonnın` gosh-sut jetistiriwdegi u`lesi 4,2-3,2% a`tirapında. Al ovosh-palız miywe onimlerin jetistiriwdegi o`nim to`men.

Taxtako`pir rayonında xalıqka turmıs jag`ınan xızmet ko`rsetetu`g`ın kishi ka`rxanalardı esapqa almag`anda iri sanaat ka`rxanaları joq. Biraq, «Mulk» xojalıg`ında terini qayta islewshi karxana o`z quwatlıg`ın xa`r jıl sayın joqarılatıp, respublikamızda usı taraw boyınsha belgili ka`rxanag`a aylanbaqta.

Taxtako`pir rayonı sanaatın ko`pshilik turlerin rawajlandırıw ushın shiyki zat zapaslarına iye. Mısalı, gerbish ushın saz ılay, qum, da`ri-da`rmaq islep shıg`arıw ushın jabayı o`simlikler, ximiya sanaatı ushın as duzı, to`gin ushın beltonit xa`m gloukonit, toqımashılıq sanaatı ushın paxta, sonday-aq azıq-awqat sanaatı ushın shiyki zat jetkilikli.

Mine, usı baylıqlar tolıq iske qosılsa xa`m jer, suw resurslarınan maqsetke muwapık tolıq paydalanılsa rayon o`z xalqın sanaat xa`m awıl xojalıq onimleri menen ta`miynlep g`ana qoymastan, ko`p g`ana onimlerdi sırtqa shıg`arar edi.

Xalıq xojalıg`ının` ondirislik tarawlarının` rawajlanıwı menen bir qatarda sotsiallıq salalarda da u`lken jetiskenlikleri qolg`a kirgizilmekte.

Rayonda ma`mleketlik byudjet esabınan emlewxanalar, mektepler xa`m kolledj-litseyler salınbaqta.

Rayon xalıq xojalıg`ının` ayırım tarawları putkilley aqsap kaladı. Mısalı sharwashılıq, a`sirese qarakol terilerin jetistiriw. Bul tarawdı qayta tiklew ushın uzaq waqıt kerek.

## 2.2. Suw resursları xa`m irrigatsiya shaxapları

Qaraqalpaqstan respublikasının` basqa administrativlik rayonlarında-aq Toxtako`pir rayonının` birden-bir jer betindegi suw deregin A`miwdar`ya quraydı.

A`miwdar`ya dun`ya ju`zindegi en` biyik Gindikush xa`m Pamir tawlarındag`ı muzlıqlardan baslanıp Baxandar`ya xa`m Pyandj benen qosılgan jerden baslap ozinin` 82-83% jıllıq suw ag`ının payda etedi. Ko`p jıllıq mag`lıwmatlarg`a qarag`anda A`miwdar`ya orta xa`m to`mengi bo`limdegi territoriyalardın` jıllıq suw ag`ını 38-40 mlrd $m^3$ barabar. Usının` jıl sayın Qaraqalpaqstan respublikasında suwg`arıw ushın 9,6-10 mlrd $m^3$ sarıp etiledi, al qalg`an bo`limi Aral ten`izine jakın jerdegi ko`llerdi, suw salmalardı suwlandırıwga jumsaladı, al ko`pshilik bo`limi parlanıuga sarıp etiledi. Usı joqarıdag`ı suwg`armalı diyxanshılıq ushın sarıp etiletu`g`ın 9,6-10 $mlrd^3$ suwdın` Taxtako`pir rayonı territoriyasında diyxanshılıq tarawlarına suwlandırıw ushın jıl sayın 600-700 mln $m^3$ shamalası rasxod boladı. Solay etip A`miwdar`ya  Qaraqalpaqstan ushın tiykarg`ı suw deregi xızmetin atqaradı. Sonlıqtan Qaraqalpaqstan xa`m onın` bir administrativlik rayonı Taxtako`pir rayonında A`miwdar`ya suwın xalıq xojalıg`ı tarawlarında ratsionallı paydalanıw ma`selesi ku`n tartibindegi en` a`xmiyetli ma`seleler qatarına kiredi.

Taxtako`pir rayonı A`miwdar`ya suwınan  na`tiyjeli paydalanıw ko`p sanlı xojalıq aralıq xa`m xojalıq ishkeri a`xmiyetke magistrallı suwg`arıw shaxapları duzildi. Olardın` rayon boyınsha uzınlıg`ı 862,3 km quraydı. Usının` 179,5 km xojalıq aralıq magistral kanallardan ibarat bolsa, al qalg`an 492 km xojalıq ishkerisindegi kanallardan ibarat. Yaki bir gektar egislik maydan ushın xojalıq aralıq suwg`arıw setlerinin` uzınlıg`ı 11,6 m, al xojalıq ishkerisindegi kanallardın` uzınlıgı 44 m barabar. Solay etip Taxtako`pir rayonının` awıl xojalıg`ına jaramlı 26,7 mın` ga jer fondı ushın 862 km

suwg`arıw sistemalarına iye. Bulardın` ko`pshiligi Quwanısh-jarma magistral suwg`arıw sistemasınan sag`a aladı.

Awıl xojalıg`ı ondirisin rawajlandırıwdın` baslı ma`selelerinin` biri suwg`arıw sistemalarının` na`tiyjeliligin arttırıw xa`m jerdin` meliorativlik jag`dayın jaqsılawdan ibarat. Usıg`an sa`ykes rayon xojalıqlarında magistrallı xojalıg`ı aralıq xa`m xojalıq ishkerisindegi kanallardan paydalanıw koeffitsentin joqarılatıw u`lken a`xmiyetke iye. Tilekke qarsı rayon ko`leminde xojalıq aralıq magistrallı kanallardan paydalanıwdın` na`tiyjeli koeffitsenti (KPD) elede bolsa to`men. Usıg`an sa`ykes rayon ko`leminde vegetatsiyalıq da`wirde awıl xojalıq eginleri ushın sarıp etiletu`g`ın suwdın` ko`lemi 380,5 mln $m^3$ quraydı, al xa`r bir gektar egislik maydanga 29,9 mın` $m^3$ suw rasxod etiledi. Usınnan bir gektar paxta ushın 5,6 mın` $m^3$ ga`lle ushın 2,4 m $^3$, al salıgershilik xa`r bir gektar maydanga 12,6 $m^3$ suw rasxod etiledi. Usının` na`tiyjesinde rayon xojalıqları egislik ushın jaramlı jerlerdi awıl xojalıg`ında, ozlestiriwde belgili da`rejede artta qalmaqta. Rayon ko`leminde bir ma`wsimde jıl sayın suwg`arılatu`g`ın egislik maydanı 10,6 mın` gektardı qurasa, al suwg`arılatu`g`ın egislik maydan 26,7 mın` gektarg`a barabar. Shayıp suwg`arıw ushın rayon ko`leminde jılına en` kem degende 28,1 mln $m^3$ suw rasxod etiledi, al gektarına tek shayıp suwg`arıw ushın sarıp etiletu`g`ın suwdın` mug`darı 4,4 mın` $m^3$ ten boldı.

Rayonda egislik jerlerdi suwg`arıw xa`m diyxanshılıq tarawların suw menen ta`miynlewde magistrallı kanallar menen bir qatarda mashinalı usılda suwg`arıw ma`selelerinde jolg`a qoyılg`an. Usınday maqsetler ushın 42 nasos, stantsiyalar iske qosılg`an xa`m olardın` ja`rdeminde 5,7 mın`

gektarday egislik jerler suw menen ta`miynlenedi, usının` 1289 gektarı paxta ushın ajıratılg`an egislik maydanlardan ibarat.

Taxtako`pir rayonının` sonday-aq Qaraqalpaqstannın` basqada rayonlarında vegetatsiya da`wirde suw qa`ddinin` to`men bolıwına sa`ykes nasos stantsiyalarınan paydalanıw ken`nen en` jayg`an. Biraq degen menen bul iske asırılıp atırg`an ko`lemli jumıslar aytarlıqtay na`tiyje bermey atır. Aral ten`izinin` suw ka`ddinin` peseyiwi xa`m burıng`ı Aral ten`izinin` suw basıp jatqan jerinen 32-40 mın` $km^2$ jerdin` qurg`aqlıqka yamasa «Aral qum» dep atırg`an sholistanlıqtı payda etiwi u`lkemizdin` suwg`armalı diyxanshılıq zonası ushın u`lken apatshılıq payda etip otır. Usı ten`iz astınan bosag`an duzlı qum samaldın` ta`sirinde Qaraqalpaqstan suwg`armalı diyxanshılıq zonasına jıl sayın gektarına 0,5–1 tonnaday duzlardın` tarqalıwına duwshar etpekte. Bul qa`wipli qubılıs suwg`armalı zonada, a`sirese suwg`arıw normasınan kobirek suw sarıp etip atırg`an zonalarda jerlerdin` kebir ashıwına, xa`tteki melioratsiyalıq jaqtan tayarlang`an egislik jerlerdin` qaytadan shorlanıwg`a aylannıwına sebep bolmaqta. Usıg`an sa`ykes rayon ko`leminde suwg`armalı diyxanshılıq zonaların suw menen ta`miynlew menen bir qatarda jerdin` meliorativlik jag`dayın jaqsılawg`a ayırıqsha itibar beriw za`rur. Ha`zir Taxtako`pir rayonı boyınsha 300 km kollektor-drenaj seti jumıs isleydi. Al rayonnın` egislik jerlerinin` mineralizatsiyalanıw da`rejesi 21,4 g/l barabar xojalıq-aralıq kollektor sisteması menen ta`miyin etilgen zonalarda egislik jerlerdin` mineralizatsiyalanıw da`rejesi 6,2 g/l qurasa, al xojalıq ishkerisindegi kollektor-drenaj sistemaları islep turg`an zonada jer astı suwlarının` ha`dden tısqarı mineralizatsiyalanıw da`rejesi

bayqaladı, bul xojalıq ishkeri drenaj sisteması menen kem ta`miyinlengen zonalarda 17,4 g/l barabar.

Taxtako`pir rayonında egislik jerlerdin` meliorativlik jag`dayın jaqsılaw xa`m jer astı grunt suwlarının` ka`ddin to`menletiw maqsetinde 1969 jıllardan 1976 jıllarg`a shekemgi aralıqta ko`lemli jumıslar iske asırıldı.

Taxtako`pir rayonının` territoriyasında jer astı grunt suwlarının` mineralizatsiyalanıw da`rejesi xa`m topıraqtın` kebir ashıwı O`zbekstannın` basqa rayonları menen salıstırg`anda a`dewir joqarı. Bug`an tiykarg`ı sebep kollektor-drenaj setlerinin` jetkiliksizligi xa`m bul tarawdı rawajlandırıw ushın bolingen iri ma`mleketlik karjılardın` elede bolsa to`men da`rejede ekenligi sebepshi bo`lıp atır. Mısal uzaqka ketpey-aq qonsılas Xorezm oblastının` diyxanshılıq tarawları menen shug`ıllanatu`g`ın xojalıqlarının` is ta`jiriybelerine na`zer awdarsaq, bul oblast` xojalıqlarına ta`biyıy sharayatının` Qaraqalpaqstan sharayatına qarag`anda anag`urlım jaqsı bolıwına qaramastan egislik jerlerdin` xa`r bir gektarına tuwra keletu`g`ın kollektor-drenaj setlerinin` uzınlıg`ı 40-45 pag metr qurasa, Taxtako`pir rayonının` xojalıqlarına bul ko`rsetkish gektarına 18,4-19,7 p/m quraydı. Bunnan basqa islep turgan kollektor-drenaj setleri erte waqıtlarda qurılg`an, olardın` remont-montajlaw jumısları jıldan-jılg`a uziliske tusirilip egislik jer fondın`ın` keskin mineralizatsiyalanıwına xa`m usının` na`tiyjesinde awıl xojalıq eginlerinin` zura`a`tliliginin` kemeyiwine duwshar etpekte. Usıg`an sa`ykes Taxtako`pir rayonının` tiykarg`ı suwg`arıw sistemaları ta`sir etetu`g`ın zonalarda egislik jerlerdin` meliorativlik jag`dayın optimal da`rejede jaqsılaw u`lken a`xmiyetke iye. Bul ushın ba`rinende burın kollektor-drenaj setlerinin` na`tiyjeligin arttırıw xa`m tazadan ozlestirgen

zonalarda meliorativlik ilajlardan aldın` ala sheshiw za`rur. Bul ushın Quwanısh-jarma suwg`arıw sistemasına kiretu`g`ın magistrallı kanallardın` ta`sir etetu`g`ın zonalarında meliorativlik qurılıs montajlaw jumısların iske asırıw xa`m islep turg`an xojalıq aralıq ja`ne xojalıq ishkeri kollektor-drenaj setlerinin` xa`r bir gektar maydan ushın ko`lemin arttırıw baslı ilajlar qatarına kiredi.

Juwmaqlap aytqanda Taxtako`pir rayonının` tiykarg`ı suw derekleri A`miwdar`yadan sag`a alatu`g`ın magistrallı kanallardın` ja`rdeminde sheshiledi, sonlıqtan suw dereklerin u`nemli paydalanıw ma`seleleri kun ta`rtibindegi baslı mashqalalar qatarına kiredi.

Bulardın` diziminde Taxtako`pir rayonına qarasak avtobaza baylanıs mekemeleri rayonlıq ga`lleshilik bazası, MTP, paxta punkti, awıl-xojalıg`ına xızmet ko`rsetetu`g`ın aerodrom maydanları, mektep xa`m ka`sip o`ner kollej ta`jriybe stantsiyaları, o`rtten saqlanıw mekemelerine tiyisli jerler, mal fermaları sklad xojalıqlarının` iyelep turg`an jerleri menen bir qatarda Taxtako`pir rayonının` «Mulik» «Qazaqdar`ya» shirketlerinin` jerleri xa`m bazaların ushıratıwga boladı. Bul xojalıqlar ta`repinen menshiklegen jerler Taxtako`pir rayonının` ko`pshilik shirketleri territoriyasında ushıraydı. Rayonga tiyisli jer fondı ko`p sanlı xojalıqlar arasında boliniw xa`m olardın` jerge degen xa`r qıylı talapları jer resurslarınan aqılg`a muwapıq paydalanıw boyınsha talaplardı uziliske tu`sirmekte. Usıg`an sa`ykes O`zbekstan respublikası O`liy Majilisi ta`repinen bekitilgen jer tuwralı kodeksti basshılıqka ala otırıp jer resursların durıs baxalaw xa`m standart boyınsha tiyisli iyelerine bekitip beriw bul mashqalalardı sheshiwge xa`m jer fondınan ratsionallı paydalanıwg`a u`lken mu`mkinshilik tayarlar edi.

## 2.3. Taxtako`pir rayonının` ekologiyalıq xa`m ekonomikalıq mashqalaları.

Ekstensiv diyxanshılıq sisteması na`tiyjesinde payda bolg`an Aral ekologiyalıq apatshılıg`ınan en` ko`p ja`bir shegip atırg`an aymaqlardan biri Taxtako`pir rayonı bolıp esaplanadı.

Taxtako`pirde puxaralardın` ulıwma keselleniw da`rejesi, adamlardın` jumısqa jaramay qalıwı xa`m kesellik sebepli waqtınsha jumıs qa`biletin jog`altıw da`rejesi elege shekem joqarı bo`lıp qalmaqta.

Rayonda onkologiyalıq xa`m juqpalı kesillikler ken` tarqalg`an. Balalar ortasında o`liwshilik koeffitsenti Qaraqalpaqstan respublikası boyınsha 1987 jılı xa`r mın` (adamg`a) tuwılg`an balag`a 69,8 ten bolg`an bolsa, Taxtako`pir rayonında bul ko`rsetkish 80ge jetedi.

Oraylıq Aziyada, a`sirese onın` bir bo`legi bolg`an Qaraqalpaqstanda ju`zege kelgen ekologiyalıq dag`darıs keskin sharalardı koriwdi, mashqalanı teren`irek uyrenip, xa`r ta`repleme komlpeks analizlep onı unamlı sheshiwdi talap etedi. Kerisinshe, bizdi tariyx xa`m keleshek awlad keshirmeydi.

Aral suwının` azaya baslag`anına 50 jıldan aslamırak waqıt otti, usı aralıqta Aral o`zinin` da`slepki jag`alıqlarınan 100 kmden aslamıraq jerge ishkerlep ketti. Suwdan qurıg`an aymaqlar shorlanıp jer astı suwları da tartılmaqta.

Na`tiyjede bar bolg`an o`simlik xa`m xaywanat dun`yasının` ko`p tu`rleri jog`aldı, xa`m qalg`anları da biratala qırılıp ketiw aldın`da tur.

Aral ten`izi putkil Turkistan ushın ozine ta`n termoregulyatorlıq wazıypasın oteydi, 6 million gektarlı ten`iz ka`ddinen ko`terilgen puw-sol

u`lkenlikte «qalpaq» payda eter edi xa`m arqadan kelgen suwık xawa ag`ımın sin`dirip jılıtar edi. Keyingi waqıtları ten`iz wazıypanı atqara almay qaldı.

Aral apatshılıg`ı xa`m A`miwdar`ya mashqalası Taxtako`pir rayonında ekologiyalıq ten` salmaqlıqtın` buzılıwına alıp keledi. Rayon tiykarınan salıgershilikke qa`nigelestirilgen jılları Qarateren` ko`linin` maydanı bir neshe ese u`lkeyip jag`alıqtag`ı awıllardı xa`m onimdar topıraqlı maydanlardı basıp ketti. İzeykeshlerde toplang`an xa`m Quwanısh-jarma kanalında paydalanıwdan awısqan suwlar kelip g`ana Qarateren`ge qaratıldı. Qarateren` ko`li jergilikli qımbat baxalı balıqlardı osiriwde qorıqxana wazıypasın oteytu`g`ın edi. Bul ko`lden suwen, sazan, shortan, ılaqa, xa`m aqshabaq sıyaqlı xalqımızdı mın` jıllap bag`ıp kelgen, qımbat baxalı balıqlar awlanatu`g`ın edi. Salıgershiliktin` rawajlanıwına baylanıslı sırttan alıp kelingen aq amur, tolstolobik, jılanbalıq xa`m teri beriwshi bir neshe xaywanlar jergilikli balıqlardın` keskin azayıp ketiwine sebepshi bolmaqta. Olar bir neshe jergilikli balıqlardın` uwıldırıqların, ekinshiden shabaqların, u`shinshiden azıqlıq zatların jabayılarsha jep qoyadı.

Xa`zirgi waqıtları Qarateren` ko`linde awlanatu`g`ın balıqtın basım ko`pshiligi sırttan alıp kelingen balıq turleri bo`lıp esaplanadı.

Xa`r jılı jergilikli xalıq izeykeshlerden bir neshe ju`zlegen tonna balıq onimlerin, 10 lag`an mın` dana andatra awlap ozlerinin` xa`r ta`repleme talapların qanaatlandıratu`g`ın edi.

Song`ı jıllarda rayonlıq a`hmiyetke iye bir neshe ko`ller joq bo`lıp ketti. Jaqın jıllar ishinde Taxtako`pir rayonının` maktanıshı bolg`an Atakol joq bo`lıp ketiwi mu`mkin. Suw ko`linin` xa`r jıl sayın kemeyip barıwı gidromorf ekologiyalıq sharayattın` ozgeriwine sebep boldı. Sebebi, bul

u`lkede organikalıq tirishiliktin` rawajlanıwı suw rejiminin` turaqlıg`ına tiykarlang`an edi.

Suw rejiminin` o`zgerip ketiwi birinshiden o`simliklerdin` vegetatsiya sharayatların quramalastırdı, tek g`ana suwda o`siwshi gidrofitler (qamıs, suw otları) ıg`al topıraqtı suyiwshi tog`ay o`simlikleri (torang`ıl, jiyde, qaratal) qurg`ay basladı. Song`ı mag`lıwmatlarga qarag`anda tog`aylıqlardın` sezilerli bo`legi nabıt bolg`an.

Topıraqta ıg`allıqtın azayıwı, tog`ay o`simliklerinin` qırılıwı samal xa`reketinin` ku`sheyiwine xa`m topıraqtın` eroziyasına beriliwshen`ligin arttırmaqta.

Taxtako`pir rayonının` aymag`ında jer betinde ishiwge jaramlı suw joq. Quwanısh-jarma kanalının` suwı sapasız ku`shli minerallasqan.

İshiw ushın jaramlı jer astı suwları xa`mme jerde jeterli emes. Jer astı dushshı suw zapası shama menen sekundın`a 3 kub metrdi quraydı. Xa`zirgi waqıtları usı suwlardan kobirek paydalanıw na`tiyjesinde olardın` zapası azayıp barmaqta.

Taxtako`pir rayonının` xalqı Tuyemoyın suw saqlag`ıshınan tartılgan suw qubırınan paydalanbaqta. Biraq, bul suw qubırı rayonnın` xa`mme jerine tartılmag`an.

Jergilikli xalıqtın` itibarsızlıg`ınan jer astı suwların dushshılandırıp beriwshi ekos-50 u`skenelerinin` ko`pshiligi isten shıg`ıp qaldı. Xalıq aralıq sho`lkemler ta`repinen qurılg`an bul uskenelerdi iske tusiriw ko`p qarjını talap etti.

Taxtako`pir rayonında suwdın` artıqsha sarıplanıwı u`lken mashqala bo`lıp esaplanadı. Suwdın` artıqsha sarıplanıwının` tiykarg`ı sebeplerinin` biri egislik jerlerdin` na`tiyjeligi.

Suwdın` tamtarıslıgı ekonomikalıq mashqalalardı keltirip shıg`ardı.

Rayon xalqının` ekonomikalıq jag`dayı keskin to`menledi, na`tiyjede kem ta`miyinlengen shanaraqlarg`a o`z uaqtında ja`rdem ko`rsetiliwine qaramastan xalıqtın sırtqı migratsiyası osip ketti.

Rayonda bar bolg`an qayta islewshi kishi sanaat tarmaqlarının` ishki zatı awıl xojalıq onimleri bolg`anlıqtan kriziske ushıradı.

Mine usılayınsha Taxtako`pir rayonı awır ekologiyalıq krizisti basınan keshirip atır, biraq bul a`lbette waqtınsha na`rse.

O`zbekstan Respublikası Ministrler kabinetinin` g`amxorlıg`ı na`tiyjesinde ekologiyalıq xa`m ekonomikalıq krizistin` aldın alıw boyınsha unamlı jumıslar islenip atır. Mısalı rayonnın` Aral ten`izi ta`reptegi aymaqlarına xa`r jılı bir neshe ju`zlegen gektar jerge seksewil na`lleri otırg`ızılmaqta.

Rayondag`ı barlıq jıng`ılzarlıq, jiydezarlıq xa`m seksewilzarlıqlar ma`mleket ta`repinen qorg`almaqta.

Quwanısh-jarma kanalı arqalı kelip turg`an suwdı retlestirip mo`lsherlep beriw boyınsha tuwrı basshılıq jumısları a`melge asırılmaqta.

Taxtako`pir rayonının` da putkil respublikamız sıyaqlı suwsızlıq sebebinen payda bolg`an waqtınsha dag`darıstı ozinin` basınan keshirmekte.

Ga`rezsizlik jıllarında Taxtako`pir rayonın` da ondiris ku`shleri a`dewir mug`darda o`sken menen song`ı jıllarda suwsızlıq akıbetinde awıl xojalıg`ına

tiyisli aymaq bolg`anlıg`ı sebepli xojalıqtın` xa`mme tarawları dag`darısqa ushıradı.

O`zbekstan Respublikasının` Ministrler Kabinetinin` g`amxorlıg`ı na`tiyjesinde ekologiyalıq jag`daylarg`a baylanıslı 30% rayon koeffitsenti belgilengen kem ta`miynlengen shanaraqlarga o`z waqtında ja`rdem berilmekte.

Biraq bazar qatnasıqlarına otip atırg`an bir da`wirde shiyki zat shıg`arıwg`a qa`niygelesken rayonnın` ekonomikalıq jag`dayları bari bir qıyın bo`lıp qalmaqta.

Dun`ya xalıqları Aral a`tirapındag`ı jasawshı xalıqlardın` ekonomikalıq sotsiallıq rawajlanıwının` qay da`rejede ekenligin Aral ekologiyalıq apatshılıg`ı arqalı bilip atır.

Xa`zir jasap turg`an da`wirimiz xalıqları doslıg`ı, miyrim shapa`a`t da`wiri.

O`zbekstan quramındag`ı suverenli Qaraqalpaqstan Respublikası O`zbekstan Respublikası menen bir qatarda sırt eller menen erkin sawda, ilimiy-meditsinalıq, ma`deniyat tarawlarında erkin sha`rtnama jasaw xuqıqına iye.

Taxtako`pir rayonında jetilistiriletu`g`ın paxta mamıg`ı, qara mal terisi, gurish, boyan tamırı, mal terileri, qoy ju`ni xa`m go`sh onimleri qonsılas ellerine jiberiledi.

Xa`zirgi da`wirdegi Taxtako`pir rayonının` sotsial-ekonomikalıq jag`dayları shet el investitsiyalarına muta`j.

Birlesken milletler sho`lkemi rawajlangan ma`mleketler Qaraqalpaqstan respublikasına sonın` ishinde Taxtako`pir rayonıda xa`r ta`repleme kalıs ja`rdem berip atır.

A`sirese da`ri darmaqlar, meditsinalıq texnikalar, kiyim keshekler, awıl xojalıq texnikası bug`an mısal bola aladı.

Bir g`ana Yaponiya ma`mleketi bir neshe biyday xa`m salı oratu`g`ın kombayn xa`m meditsinalıq u`skenelerdi kalıs ja`rdem retinde sawg`a etti.

Song`ı on jılda rayon aymag`ında 300 aslam baspa kranlar xa`m onnan aslam EKOS-50 jer astı suwların dushshılandırıp beriwshi uskeneler ja`rdem retinde qurıldı.

Xa`zirgi waqıtları ko`pshilik sırt ellerdin` ilimpazları Taxtako`pir rayonının` aymag`ında xa`r ta`repleme izertlew jumısların alıp barıp atır.

Rawajlang`an ellerdin` usı bag`dardag`ı qorları xalıqtı dushshı suw menen ta`miyinlewde gaz qubırların tartıwda tog`aylardı qayta tiklewde jumıssızlıqtı saplastırıp kishi karxanalardı ashıwda u`lken jumıslar islep atır.

Bazar ekonomikasına otiw da`wirinde a`sirese, da`slepki basqıshında onimnin azaywı, jumıssızlıqtın payda bolıwı turaqlı o`nim jetistire almaslıq, bazar ekonomikasının` birinshi basqıshına ta`n qubılıs.

Taxtako`pir rayonında da jumıssızlıqtı saplastırıw ushın sırt el investorlarının` ja`rdemi kerek rayonda sırt investorları ta`repinen karxanalar qurıw tiyis.

Taxtako`pir rayonının` ekonomikalıq jaqtan rawajlandırıw boyınsha anıq bag`darlama joq, na`tiyjede ju`z berip atırg`an kemshiliklerdin` ornı tolmay atır, xa`mme mashqalanı suwsızlıq penen baylanıstırıw umitsizlik bo`lıp esaplanadı.

## 2.4. Geografiyani oqitiwda jergilikli materiallardan paydalaniw usillari

Ga`rezsizliktin` sharapatı menen elimiz omirindegi a`jayıp ozgerisler, rawajlanıwlar tek siyasiy ekonomikalıq, ma`deniyat tarawında g`ana emes, ilim-pa`n salalarında da u`lken-u`lken jan`alıqlardı keltirip shıg`ardı. Atap aytqanda, bilimlendiriw tarawında Oliy Majlis 1-shaqırıq IX sessiyasında «Bilimlendiriw xaqqındag`ı» nızam xa`m «Kadrlar tayarlawdın` milliy bag`darlaması» kabıl etildi. Sessiyada birinshi prezidentimiz İ.A.Karimov bılay degen edi: «Tek xaqıqıy bilimli adam g`ana, insannın` qa`dirin, milliy qa`diriyatların, bir soz benen aytqanda, ozligin an`law, erkin xa`m azat ja`miyette jasaw, ga`rezsiz ma`mleketimizdin` putkil du`n`yalıq birlikte ozine mu`na`sip abıraylı orın iyelewi ushın pidayılıq penen guresiwi mu`mkin».

Sonday eken, bilimili insan degende qanday insandı na`zerde tutıw mu`mkin xa`m mine usı insan kanday jag`dayda turmısta o`z ornın tawıp, o`zligin an`lap, o`zi ushın, Watan ushın onnan qalaberse, xalqı ushın pidayılıq penen jan kuydirip guresiwi mu`mkin. Usınday sorawdın` bolıwı o`zi-o`zinen ta`biyiy bir xal boladı. Durısında, a`lbette bunday miynet xa`m aqıbet en` da`slep pedagoglarga juklengen. Demek, oqıwshı alıp atırg`an ta`lim xa`m ta`rbiya bir-birine tıg`ız baylanısta bolsa, onda qızıg`ıwshılıqtı oyatıp, iskerlikke umtıldırsa, oqıtıwshı qollang`an metodtan oqıwshı qanaatlanatu`g`ın bolsa, onda a`lbette, kelejekten jetik kadrlardı kutiwge umit etse boladı.

Baqlawlar xa`m ta`jriybelerden` ko`plegen mekteplerde, tiykarınan, geografiya pa`nin oqıtıwdag`ı metodlar xa`m oqıwshılardın` bul pa`nge, sabaqqa qızıg`ıuın aytarlıqtay to`men da`rejede ekenligin ko`rsetpekte. Bunın` tiykarg`ı sebebi kimnen xa`m neden ibarat degen soraw tuwıladı. Bul

sorawga juwap beriw ushın o`z aldımızg`a u`lken  talap, juwapkershilik xa`m doretiwshilik metodtın` qollanıwdı wazıypa etip koyıwımız kerek. Biz bul u`shliktin` birligin ta`miyenley alsaq, olardı bir-birine baylanıstıra alsaq, onı sezine alsaq, olardı pa`ndegi waqıya-ha`diyseni bala sanasına jetkerip bere alsaq, onda oqıwshıdan teren` bilimdi, erkin pikirlewdi, waqıya-ha`diyselerdin` turmıs baylanısın, iskerlikti talap etsek orınlı boladı. Sebebi bul da`wir talabı. Sonın` ushın da geografiya sabag`ında da ayrıqsha a`hmiyet beriw orınlı na`rse. Geografiya sabag`ının` okıtılıwında, tiykarınan, xa`r bir temanı otiwde tu`sindirilip atırg`an waqıya–ha`diyseni oqıwshıg`a sanalı ozlestiriwde jergilikli korgezbeli materiallar, qurallardın` a`hmiyeti og`ada ullı boladı. Sebebi oqıwshı ushın mın` ma`rtebe esitkennen bir ma`rtebe kozi menen korgeni artıq esaplanadı.

Geografiya  sabaqlarında ulıwma geografiyalıq tu`sinikler keltiriilgen bo`lıp, onı oqıwshıg`a jetkerip beriwde jergilikli korgizbeli materiallar oqıtıwshıg`a jaqınnan ja`rdem beredi.

Korgizbelilik didaktika printsiplerinin` biri bo`lıp, ol oqıtıwdın` barlıq wazıypaların orınlay almaydı. Korgizbelilik uyreniliushi predmet xa`m ha`diyselerdin` bir yamasa birneshe belgilerin uyreniwde oqıwshılarga teren` xa`m puxta bilim beriwdin tiykarı esaplangan. Korgizbelilik geografiya pa`ni ushın og`ada a`xmiyetli rol oynaydı. Sebebi ol geografiyalıq ortalıq haqqındag`ı pa`n bo`lıp, al geografiyalıq ortalıq bolsa mudamı xa`rekette xa`m ozgeriwde bolatu`g`ın ha`r qıylı na`rselerden turadı.

Biz korgizbeliliktin`  jergilikli materiallarınan paydalanıwda tiykarg`ı itibardı qorshag`an ortalıqka qarattıq. Bunın` ushın Qaraqalpaqstannın` geografiyalıq ornı, ta`biyatı, onda bo`lıp atırg`an protsessler atap aytqanda,

Aral apatshılıg`ı, rel`ef formaları, oypatlıq (Turan oypatlıg`ı), taw (Sultan-Ua`yis tawı), ag`ın (ishki) suwlar, A`miwdar`ya, Aral ten`izi xa`m basqalardan ibarat. Ta`biyiy zonalar (Qızılqum sholistanı), oypatlıq, tog`ay imkaniyatları xa`m komponentlerinen paydalanıwg`a xa`reket ettik.

Geografiya sabaqlarında qorshag`an ortalıqtag`ı ta`biyiy ha`diyseler, qubılıslar xa`m geosferanın` du`zilisi haqqında geografiyalıq elesletiw xa`m tu`sinikler beriledi. Olar oqıwshını janlı abstrakt elesletiwge bag`darlaydı, geografiyalıq elesletiwdi payda etedi xa`m sol haqqındag`ı tu`sinikke an`sat g`ana ote aladı.

Birinshiden, oqıwshılarg`a geografiya pa`nine qızıg`ıwshılıqtı oyatadı. Ekinshiden, geografiyalıq qubılıslardı sanalı turde ozlestiriwge alıp keledi. U`shinshiden, oqıwshı geografiyalıq eleslew xa`m tu`siniklerge iye boladı, teren`irek qa`liplesedi. Tortinshiden, olarda erkin oylau rawajlanıp, oqıwshı iyelegen bilim konlikpege aylanadı.

Ulıwma elesletiw tu`sinigi degenimiz ne? Bul tu`sinik neni an`latadı? Oz-ozinen kelip shıqqan bul sorawlarga to`mendegishe juwap beriw mu`mkin.

Elesletiw - bul bizdi qorshag`an materaillıq dun`ya, predmetler xa`m qubılıslardın` tiykarg`ı xalda a`xmiyetli qa`siiyetleri xa`m olar arasındag`ı baylanıslardın` adamlar sanasında sa`wleleniwi esaplanadı.

Eger geografiya sabaqlarında korgezbeliliktin` jergilikli qurallarınan orınlı paydalanılsa xa`m xa`r bir tema turmıs xa`m emeliyat penen tıg`ız baylanısta otiletu`g`ın bolsa, tiykarg`ı qoyılg`an maqsetge erisiwge boladı.

Ullı orıs pedagogı K.D.Ushinskiy sabaqtı korgizbeli oqıtıw haqqında mınanday degen edi: «Sabaqtı qurı gap penen otiw balanı zeriktiredi xa`m

sharshatadı, biraq bul oqıtıw waqtında balag`a topıraq, mineral, taw jınısı xa`m o`simlikler kollektsiyasınan u`lgiler berilse, balalardı qızıqtıra alıwına isenemen»[1].

Durısında da, Ushinskiy bul pikirdi biykarg`a aytpag`an. Balag`a topıraq, mineral, taw jınısları xa`m o`simlikler kollektsiyasınan tu`sinik beriw ushın og`an mın` ma`rte aytıp, zeriktirmesten sol na`rseden u`lgi ko`rsetsek, ju`zikke qas qondırg`anday boladı. Sebebi, bala esin sol na`rsege ozin qatnastırsa, sol na`rselerdin` qa`siyetleri xa`m belgilerin jaqınnan u`yreniwge umtıladı. Demek, ko`rsetpelilik arqalı oqıtıwshı bir ta`repten balanı umtılıwshılıqka, qızıg`ıwshılıqka jetelese, ekinshi ta`repten, bilim beriwdin rawajlandırıwshı basqıshına tolıq erisken boladı. Sebebi usı korgizbelilik arqalı oqıwshı turmısta aldın` tanıs bolmag`an xa`m tan`lap alınbag`an qubılıs haqqında mag`lıwmatka iye boladı xa`m ozi korgenlerine tiykarlanıp anıq juwmaq shıg`ara biliwge u`yrenedi.

Ta`biyiy geografiyanın` baslang`ısh kursının` iri bo`limlerinin` biri «Litosfera» temasın uyreniwde korgizbelikten ken paydalanıw mu`mkin. Baqlaw xa`m ta`jiriybelerden kelip shıqqan halda kurstı oqıtıw barısında ayırım temalar boyınsha korgizbelilikten paydalanıw sabaqtı na`tiyjeli etip otiwge u`lken ja`rdem beredi.

1. Taw jınısları xa`m Qaraqalpaqstan aymag`ının` paydalı qazılmaları xa`m olardı uyreniwde kollektsiyalardan paydalanıw.

2. Qaraqalpaqstandag`ı xa`r turli aymaqlardın` topıraq u`lgilerinen paydalanıw.

---

[1] Ушинский К.Д. Танламалы шыгармалары, Ташкент, 1975 ж. 2-т.

3. Ta`biyiy zonalardı uyreniwde o`simliklerden jıynalg`an gerbariylerden paydalanıw.

4. Xayuanatlardın` jergilikli turleri a`melde ko`rsetiledi yamasa olardın` tulıpları paydalanıladı.

VI klasstın` «Litosfera» bo`liminde «Jer qabıg`ının` payda etetu`g`ın jınısları» degen tema berilgen. Usı temanı oqıtıwdı to`mendegishe sho`lkemlestiriwge boladı.

Temag`a kirisiwden aldın oqıwshılarg`a jer qabıg`ı degen ne? Taw jınısı degen ne? degen sorawlarg`a juwap beriw arqalı oqıwshıda tu`sinik payda etiw kerek. Sebebi, balada mag`lıwmat, tu`sinikti payda etpesten turıp, og`an kanday da bir na`rseni ko`rsetiw onı xayran qaldıradı. Mısalı, bala ko`shede yamasa jolda qum yamasa mayda tastı ushıratıp qaladı xa`m sol waqıtta onda oylanıu payda boladı. Qum kay jerden yamasa qalayınsha payda bolg`an yamasa mayda taslar she? Olardın` quramında neler bar? Bunday sorawlardı beriwge bala juda` qızıg`ıwshan boladı.

Ulıwma jer kabıg`ı ush: magmalıq, sho`gindi xa`m metamorf taw jınıslarına bolinedi.

1. Magmalıq taw jınısları. Bul haqqında balag`a aldınan mag`lıwmat beriledi xa`m magmalıq jınıslar quramın`a kiriwshi jınıslar ko`rsetiledi. Mısalı, granit, bazal`t, gneys, serpantin sıyaqlı jınıslar ko`rsetiledi xa`m oqıwshı olardın` xa`r biri menen kolına alıp tanısadı: granit degen ne? bazal`t degen ne? gneys degen ne? olar kosılıp neni payda etedi degen sorawlarga ozleri juwap tabadı. Olardın` qa`siyetleri, belgilerin uyrenip aladı. Na`rselerdin` ozin qolg`a alıp tanısadı xa`m olar sezinedi.

2. Sho`gindi taw jınısları. Olarg`a qum, xa`k tası, as duzı, kaliy duzı, gips xa`m basqalar kiredi. Oqıtıwshı olardı klassqa alıp keledi. Barlıg`ın birden ko`rsetiw jaqsı na`tiyje bermeydi, sebebi barlıg`ın birden baqlaw balanın` pikirin xa`m elesletiwin bolsheklep jiberedi. Olar haqqında jaqsılap mag`lıwmat beriledi. Son` oqıwshı magma degen ne, qum degen ne, granit degen ne, sho`gindi degen ne, olar arasında baylanıs bar ma, usılar haqqında tolıq elesletiwlerge iye boladı. Oqıtıwshı magmalıq xa`m sho`gindi jınıslardın` belgilerin xa`m baylanısın oqıwshının` koz aldın`da sheberlik penen tu`sindiriwi menen, onda elesletiwdi payda etiwi kerek. Sonda g`ana onın` paydalang`an quralı balag`a na`rse-kubılıstı sanalı turde ozlestiriwge ja`rdem beredi. Mısalı, as duzı xa`m kaliy duzı balalarga ko`rsetilip, olardın` bir-birinen ozgesheligin ko`rsetip otiwge boladı.

3. Metamorflıq taw jınısları. Endi stolga magmalıq xa`m sho`gindi jınıslar taqlanadı xa`m olar qalayınsha metamorflıq jınıslarg`a turlenedi? degen sorawga juwap beriledi. Olarga kvartsit, mramor, kristall, slanets, fosforit kiredi. Bul jınıslar tu`sindirilip atırg`an waqıtta stol u`stine magma xa`m sho`gindi jınıslar qoyıladı. Eger metamorflıq jınıslar da koyılatu`g`ın bolsa, balalardın` elesletiwleri bolsheklenip ketedi. Bul eki jınıstın baylanısı xa`m kosılıwı qalayınsha, kanday ta`sir aqıbetinde metamorflıq jınısqa tu`rleniwi aytılıp atırg`an payıtta g`ana metamorflıq jınıslar alıp ko`rsetiledi. Mıalı, shiyshe ayna degen jınıs. Oqıwshıg`a ayna ko`rsetiledi xa`m onın` sınıg`ı da ko`rsetiledi xa`m oqıtıwshı onın` payda bolıwı haqqında anıq mag`lıwmat beredi. Oqıwshı bolsa, onı qalayınsha tayarlaw mu`mkin degen sorawg`a juwap izlestiredi. Oqıtıwshı onın` tayarlanıwı haqqında mag`lıwmat bergennen keyin oqıwshı da onı ozi tayarlawg`a qızıg`adı.

Usılardan keyin paydalanılg`an na`rseler yag`nıy jınıslar olardın` yadın`da uzaq saqlanıp qaladı xa`m sol na`rseni, qubılıstı tolıq an`lap aladı xa`m sanalı turde o`zlestirgen boladı.

Ulıwma alg`anda, ko`rgizbelikten paydalanıw to`mendegilerdi ta`miyinleydi.

1. 45 minutlıq sabaqtın qızıqlı xa`m na`tiyjeli otiliwin;
2. Balanı sabaqqa – temag`a qatnasıwın;
3. Sanalı turde ozlestiriwin;
4. Pa`nge kızıg`ıwshılıg`ının` oyanıwın, teoriyalıq xa`m a`meliy bilimdi ku`sheytiwdi;
5. Usı pa`nnin` otiliwin ıntıq bo`lıp kutiwin;
6. Oqıwshının` oz u`lkesin xa`r ta`repleme kennen uyreniwin;
7. Oqıwshıda ta`biyatqa g`amxorlıq etiw sezimin ta`rbiyalawdı.

Qullası, usı 45 minutlıq sabaq balada ko`plegen turmıslıq na`rselerge qızıg`ıwshılıg`ın oyatadı xa`m na`rse-qubılıslar haqqında ko`birek biliwge, erkin pikirlewge umtıladı. Bunın` na`tiyjeli a`melge asıwı, a`lbette oqıtıwshının` teoriyalıq bilimi xa`m sheberligine baylanıslı boladı degen pikirdemiz.

Keltirip otilgen mısallar jergilikli materiallardan tayarlang`an korgizbeli qurallar bo`lıp, olardan sabaq protsessinde oqıwshılarg`a tıyanaqlı bilim beriw menen bir qatarda, oz u`lkesin xa`r ta`repleme teren` biliwge ba`g`darlaydı, Watandı suyiw ruwxında ta`rbiyalaydı, onın` ta`biyatın koz qarashıg`ınday saqlay biliwge u`yretedi.

## Glossariy

*Aglomeratsiya* – qalalardın` iri qala a`tirapında toplanıwı.

*Agro sanaat kompleksi (ASK)* – ekonomikanın` awıl xojalıq o`nimlerin jetistiriw ha`m tutınıwshılarg`a jetkiziw protsessinde qatnasatug`ın barlıq tarmaqlar jıyındısı.

*Briket* – ko`mir ku`kinin basım astında yamasa jabısqaq zatlarg`a aralastırıp zoldir zat formasına keltirilgen o`nim.

*Vegetatsiya da`wiri* – sutkalıq ortasha temperatura +5 gradustan kem bolmag`an ku`nler.

*İntensiv* – ilim ha`m texnika jetiskenliklerin ekonomikag`a tez engiziwshi, shiyki zat ha`m baylıqlardı u`nemli, shıg`ınsız tolıq paydalanıwshı xojalıq.

*Kompleks* – islep shıg`arıwdı sho`lkemlestiriwdin` ekonomikalıq o`nimdarlıqqa qaratılg`an za`ru`r forması.

*Magistral* – (latınsha magistralis so`zinen alıng`an) – tiykarg`ı bag`dar, tiykarg`ı baylanıs jolı.

*Tranzit* – ju`k yamasa jolawshılardın` aralıqtag`ı stantsiya, wa`layat, ma`mleketler arqalı o`tiwi.

*Urbanizatsiya* – qala turmıs jasaw ta`rizinin` ken`nen jayılıw protsessi.

*Faktor* – qandayda bir protsesstin`, sonın` ishinde islep shıg`arıwdı jaylastırıwdın` tiykarg`ı sha`rti.

*Tsellyuloza* – maydalang`an ha`m ximiyalıq jol menen islengen ag`ash massası; jasalma talshıq, qag`az islep shıg`arıw ushın shiyki zat o`nimi.

*Ekstensiv* – ekstensiv xojalıq to`men rawajlang`an, ilim-texnika rawajlanıwı jetiskenliklerinen kem paydalanatug`ın xojalıq.

*Energetika sisteması* – tu`rli elektr stantsiyalarının` joqarı volt`lı elektr uzatıw liniyaların birlestirip, bir oraydan basqarılıp turılıwı.

## Juwmaqlaw

O`zbekstan xa`m onın` ajıralmas bo`legi bolg`an Qaraqalpaqstan Respublikası oz erkinligin alg`annan keyingi jılları ekonomikalıq, sotsiallıq, ma`deniy, siyasiy rawajlanıwı boyınsha u`lken tabıslardı qolg`a kirgizdi. En` a`hmiyetlisi ma`mleketimizde siyasiy turaqlılıq, xalıqlar arasındag`ı tutınıwshılıqtın nıg`ayıwı na`tiyjesinde erkin bazar qatnasıqları printsiplerine tiykarlang`an demokratiyalıq ja`miyet duziminin` bekkem tiykarı jaratıldı.

Taxtako`pir rayonında ozine ta`n ozgesheliklerge iye bo`lıp, jer astı baylıqları, ken` tegislikleri xa`m kanal alapları menen ajıralıp turadı. Rayonnın` ta`biyiy resursları jaqın keleshekte jergilikli xa`m sırt el isbilermenlerinin` qızıg`ıwshılıg`ın payda etiwi turg`an gap.

Taxtako`pir rayonının` ta`biyiy xa`m ekonomikalıq resurslarına geografiyalıq sıpatlama beriwde to`mendegishe juwmaqka keliw mu`mkin.

1. Vegetatsiyalıq da`wirdin` uzaqlıg`ı egislik xa`m jıyın terim waqtında jawın-shashınlardın` az bolıwı diyxanshılıqtın` ko`pshilik turlerin rawajlandırıw koz-karasınan keleshegi bar aymaq ekenligin ko`rsetedi.
2. Suwdın` tam-tarıslıg`ın esapqa alıp rayonda suwdı az talap etetu`g`ın diyxashılıq turlerin rawajlandırıwga ken` mu`mkinshilikler bar.
3. Qızılqum sholinin` Taxtako`pir rayonına tiyisli aymag`ında artezian qudıqların kobeytiw arqalı qarakolshilikti qayta rawajlandırıw mu`mkin.
4. Rayonda pilleshilik, bag`shılıq, balıqshılıq, pal xa`rreshilik sıyaqlı xojalıq tarawların rawajlandırıw ushın jeke mulikdarlar klasın payda etiw jaqsı na`tiyje beredi.

5. Sırt el investorların kirgiziw arqalı Taxtako`pir rayonında taw ka`ni sanaatının` ko`pshilik tarmaqların rawajlandırıw mu`mkin.

6. Awıl xojalıg`ında o`ndirilgen en` keminde ten yarımın rayonnın` ozinde qayta islew arqalı ko`plegen sotsiallıq mashqalalardı sheshiw mu`mkin. Bunın` ushın jip iyiriu fabrikası, bir neshe gilem tsexların, ovosh-palız onimlerin qayta islewshi zavod, terini xa`m jundi qayta islewshi kishi karxanalar qurıw kerek.

7. Rayonda xalıqtın migratsiyasın toqtatıw ushın xalıq xojalıg`ının` ondirislik tarawları menen birgelikte sotsiallıq salalarında da rawajlandırıw kerek. Mısalı, emlewxanalar, kollejler, xalıqqa turmıs jag`ınan xızmet ko`rsetetu`g`ın tarawlardı ko`beytiw ha`m olardın` sapasın asırıw.

8. O`zbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoevtin` xalıqtı awız suw menen, gaz benen ta`miyinlew xaqqındag`ı qararına muwapıq rayonnın` tu`pkirindegi awıllarda da xalıqtı gaz xa`m auız suw menen ta`miyinlew jaqsı jolg`a qoyılıwı tiyis.

9. Ta`biyattı qorg`aw ushın a`meliy jumıslar isleniwi, qorıqxana xa`m buyırtpalar sho`lkemlestiriliwi kerek.

Juwmaqlastırıp aytkanda Taxtako`pir rayonı sholistanda Qaraqalpaqstanımızdın` en` arqa zonasında jaylasıwına qaramastan ta`biyiy xa`m keleshekte o`z rawajlanıw jolın tabadı.

## Paydalangan a'debiyatlar:


1. Karimov İ. Uzbekiston XX1 a`sir bosag`asında. T. 1997
2. Karimov İ. Progress dexkanskogo xozyaystva put` k izobiliyu. T. Uzbekistan. 1994
3. Rafikov A.A. Geoekologik muammolar. T. 1997
4. Baratov P. Ozbekistan tabiyiy geografiyası. T. 1996
5. Ballieva R. Traditsionnoe prirodopol`zovanie v Qaraqalpaqstan. KK. 1996.
6. Bekpolatov A. İz istorii geograficheskoy izuchennosti territoriy Qaraqalpaqii. No`kis. 1977
7. Sarıbaev K. Agrarnıy vopros Qaraqalpaqii. N. 1972
8. Ametov M.B. Pustıniy Qaraqalpaqstan. No`kis 1995.
9. Atlas. Respublika Uzbekistan.
10. Gazetalar, jurnallar.

11. R.Kurbaniyazov Geografiyani ukitish metodikasi. Urganch 2000 y.

12. Orazov K. Qaraqalpaqstannın` paydalı qazılmaları. KK. 1969

11. Matmuratov J., Jabbarbergenov K., Payzullaev O. Qaraqalpaqstan geografiyası. Bilim. 1997.

12. Akramov Z. Geografiya sel`skogo xozyaystva Samarkandskoy i Buxarskoy oblasti UzSSR. T. Fan. 1996.

13. Biologicheskie resursı Priaral`e. An UzSSR kompleksnıy institut estestvennıx nauk Qaraqalpaqskogo filiala. T. Fan. 1986

14. Matmuratov J. Prirodnıe usloviya i prirodnıe resursı KKASSR. Nukus. 1988.

15. Matmuratov J. Agroklimaticheskoe rayonı KKASSR. İzd. Qaraqalpaqstan. Nukus, 1968.
16. Kurboniyozov R., Sadullaev A., Abirkulov K. İktisodiy ekologiya asoslari. Urganch. 1999.
17. Prirodnıe resursı nizov`ya Amudar`i Qaraqalpaqii filial VN UzSSR. İzd. Fan. T.,1974
18. Rzaev K., Medetullaev J. Resursı sel`skogo xozyaystva KKASSR, Nukus, 1972.